## Терроризмы ныхмæ национ комитеты амынддзинæдтæ

Рæмудзæн æрмæг кæнæ рæмудзæн æрмæджы чи уа, ахæм предметы бынат æрæхгæныны æмæ йæ эвакуацийы зонæтæ

Гранат РГД-5 - æппынкъаддæр 50 метры

Гранат Ф-1 - æппынкъаддæр 200 метры

Йæ уæз 200 граммы кæмæн уа, ахæм тротилы шашкæ - 45 метры

Йæ уæз 400 граммы кæмæн уа, ахæм тротилы шашкæ - 55 метры

0,33 бæгæныйы банкæ - 60 метры

Минæ МОН-50 - 85 метры

Чумæдан (кейс) - 230 метры

Фæндаггон чумæдан - 350 метры

Машинæ "Жигули" - 460 метры

Машинæ "Волгæ" - 580 метры

Чысыл автобус - 920 метры

Уæзæгтæласæн машинæ (фургон) - 1240 метры.

*УФ-йы ӕдасдзинады федералон службæйы*
*РЦИ-Аланийы управленийы пресс-службæ*

## Адæмы архайд террористон фыдбæллæхы рæстæг

Террористон тæссагдзинады тыххæй хабар фехъусгæйæ, цавæр мадзæлттæй хъæуы пайда кæнын:

æвæстиатæй бадзурын хъæуы радхæссæг службæтæм (номыртæ "112", "02", "102" кæнæ 8 (8672) 53-41-84, 59-73-11) æмæ фехъусын кæнын:

террористон фыдбæллæх конд кæй æрцыд, адæмы æрхъулайы кæй райстой, уый тыххæй;

Уæрæсейы Федерацийы ныхмæ гæрзифтонг æрбабырсты кæнæ æндæр быцæутæкъахæн тæссагдзинæдты тыххæй;

транспорты, бастдзинады æмæ информатизацийы, цардхъомысады, промышленнон объектты, кусæндæтты, цæрæн хæдзæртты æмæ æхсæнадон бынæтты диверсион æмæ террористон бæллæхтæ цæттæ кæныны æмæ бакæныны тыххæй;

хиконд рæмудзæн æрмæг, йæ хæйттæ кæнæ уый хуызæн гæрз ссаргæйæ, уымæй дарддæр ма срæмыгъдтытæ кæй æрцыд, уый тыххæй;

хæцæнгарзæй фехсыны цауты, паддзахадон хицаудзинады, барадхъахъхъæнæг оргæнты, æхсæнадон-политикон организациты, теле- æмæ радиоцентрты кусæн бынæттæм, хæстон хæйттæм бабырстыты тыххæй;

хицаудзинады оргæнтæм, управленитæм, юридикон организацитæм æмæ хицæн адæймæгтæм гуырысхойаг фыстæджытæ, биологон æмæ æндæр буаргъæдты бæрæггæнæнтæ цы дзаумæттæм, æрмæджытæм хæццæ кæной, æмæ эпидемиологон низтæ, уæлдай тæссаг инфекцитæ расайынхъом чи у, ахæм æрмæджытæ барвитыны тыххæй;

адæм кæм бацарæфтыд сты, ахæм срæмыгъдтыты, зынгсирвæзтыты бæллæхты тыххæй.

*РЦИ-Аланийы Терроризмы ныхмæ архайды къамисы аппарат*

## Республикæйы зынаргъ цæрджытæ!

Адæм бирæгæйттæй кæм вæййынц, ахæм бынæтты æххæст кæнын хъæуы ӕдасдзинады антитеррористон мадзæлттæ. Къæрцхъус æмæ цырддзаст ут. æнахъом сывæллæтты уадзæн нæй æвæгæсæгæй. Автотранспорт æвæрын хъæуы сæрмагонд нысангонд бынæтты.

Ма бауадзут, уæ алыварс адæмæн тæссагдзинад чи сараза, ахæм архайдтытæ. æххæст кæнут барадхъахъхъæнæг кусджыты æмæ, кæм уат, уыцы объекты уагæвæрдмæ цæстдарæг бæрнон адæймæгты домæнтæ. Уæ зæрдыл дарут, граждæнтæ бирæгæйттæй

кæм уой, уырдæм хæссæн нæй зынгæй тæссаг, рæмудзæн, маргджын, тæфгæнаг буаргъæдтæ, пиротехникон дзаумæттæ, рæхойæн æмæ лыггæнæн предметтæ, стыр тыхдæттæ æмæ хызынтæ.

Уадзæн уагæвæрд æххæст кæнут алыхуызон объекттæ æмæ цæрæн хæдзæрттæм бацæуæнтæ æмæ рацæуæнты. Иугæр дызæрдыггаг предмет федтат, уæд æм ма æвналут, ма йæ гом кæнут, стæй йæ æндæр ранмæ дæр хæссæн нæй. Ацы цау æнæсбæрæггæнгæйæ ма ныууадзут! Бацархайут, кæй у, уый базонынил кæнæ йæ чи ныууагъта, уый сбæрæг кæныныл.

Уе 'ргом аздахут, æвæгæсæгæй кæй ныууагъдæуыд, ахæм автотранспортмæ æндæр регионты номыртимæ. æппæт дызæрдыггаг цауты тыххæй дæр телефонтæй хъусын кæнут барадхъахъхъæнæг оргæнтæн кæнæ радгæс службæтæн. Уæ зæрдыл дарут! Уæ къæрцхъусдзинад æмæ уæ граждайнаг архайд стыр æххуыс фæуыдзæн уæззау фыдракæнд не 'руадзынæн!

Телефонтæ: Уæрæсейы ædaсдзинады федералон службæйы РЦИ-Аланийы управлени: 59-73-11; Мидхъуыддæгты министрады РЦИ-Аланийы управлени: 59-46-00 (радгæс хайад); 59-46-99 (æууæнчы телефон); Уæрæсейы Слестгæнæн комитеты РЦИ-Аланийы Слестгæнæн управлени: 53-92-64 (æууæнчы телефон); Уæрæсейы Сæрмагонд уавæрты министрады РЦИ-Аланийы Сæйраг управлени: 25-84-32 (æууæнчы телефон).

*Уæрæсейы ædaсдзинады федералон службæйы*
*РЦИ-Аланийы управленийы пресс-службæ*